



Conférence Episcopale d'Haïti CEH

56, Angle Rues Piquant et Lamarre, HT 6110, Port-au-Prince, Haïti (W.I)
Tel : (509) 3701-2232 / 3588-7777 - Fax : 1(800) 653-6211
Email : secretariat@ceht.ht / URL : <http://ceh.ht>

LIMYÈ EVÈK KATOLIK YO POTE POU FIDÈL YO SOU KÈK BAGAY KI BOULVÈSE YO.

«Pinga nou kite dives bagay yap montre moun epi ki soti lòt kote pran tèt nou. Li bon pou nou bay kè nou fòs ak favè Bondye» (Ebre 13 vèsè 9).

Frè ak sè nou yo,

1. Nou salye nou nan non JeziKri Granmèt ki leve byen vivan !
2. Nou tande jan nap plenyen pou sa nou wè epi ki boulvèse lafwa nou jodia : depi kèk tan gen moun ki abiye avèk rad pè, rad evèk, mete chapo, pote baton evèk yo konn sèvi lè yap selebre lanmès. Nou wè tou yo fè seremoni ki sanble avèk selebrasyon evèk kap sakre pè. Nou wè ankò yap sèvi avèk liv pè konn sèvi sou lotèl pou yo fè lanmès epi yo sèvi ak anpil lot bagay ankò Legliz Katolik konn sèvi nan selebrasyon li yo.
3. Nou menm Evèk yo, se yon devwa pou nou pote limyè pou nou : “gwoup moun ki rele tèt yo : L’Eglise Lutherienne de l’Unité” a, yo pa fè pati Legliz Katolik Apostolik Womèn. Se latwoublay yap chache simen nan lespri fidèl katolik yo. Nou mande fidèl nou yo tanpri souple pran prekasyon ak gwoup moun sa yo, nou pa gen pou nou ale nan seremoni yap fè. Menm si nou wè yo fè kèk seremoni ki sanble ak selebrasyon Legliz Katolik, se pa menm bagay yo ditou. Nou mande tout fidèl katolik yo pinga nou al chache ni batèm, ni lakominyon, ni okenn lòt sakreman nan men gwoup moun sa yo. Nou pa rekonèt sètifika batèm ki soti nan men yo.

4. Nou mande pè yo tou, pou fè atansyon pou pa aksepte moun sa yo vin konselebre nan pawas yo. Yo pa gen dwa tou al selebre lakay yo. Nou konte sou pè yo pou ede fidèl yo konprann sitiyasyon sa a ki prezante jodi a. Ede yo wè klè pou lafwa yo rete solid.

5. Se pou kè kontan, kè poze ak Limyè Fèt Pak la kenbe nou fèm nan lafwa ak prensip Legliz Katolik Apostolik Womèn ban nou an.


Lilavois, Syèj Kote Evèk Katolik yo te reyini jou 3 me, fèt Apot Sen Filip ak Sen Jak.




S.E. Mgr Launay SATURNE
Achevèk Metwopoliten Okap Ayisyen
Prezidan CEH




S. E. Mgr Pierre André DUMAS
Evèk Dyosèz Ansavo ak Miragwann
Visprezidan CEH



S. E. Mgr Joseph Gontrand DECOSTE, SJ
Evèk Dyosèz Jeremi
Sekretè Jeneral CEH




S.E. Mgr Marie Erick Glandas TOUSSAINT
Evèk Dyosèz Jakmel
Ekonom CEH



S. Em. Chibly Cardinal LANGLOIS
Evèk Dyosèz Okay



S. E. Pierre Antoine PAULO, OMI
Evèk Dyosèz Pòdepè



S. E. Max Leroy MESIDOR
Achevèk Metwopoliten Pòtoprens



S. E. Mgr. Yves Marie PEAN, CSC
Evèk Dyosèz Gonayiv

+ L. Quesnel

S. E. Mgr Quesnel ALPHONSE, SMM.
Evèk Dyosèz Fòlibète

+ W. Romelus

S. E. Mgr. Willy ROMELUS
Evèk Emerit Dyosèz Jeremi

+ D. Jean

S.E. Mgr. Désinord JEAN
Evèk Dyosèz Hench

+ J. Verrier

S. E. Mgr. Jean Alix VERRIER
Evèk Emerit Dyosèz Okay

+ S. Ducange

S.E. Mgr. Ducange SYLVAIN, SDB
Evèk Oksilyè Pòtoprens

+ J. Lafontant

S. E. Mgr. Joseph LAFONTANT
Evèk Oksilyè Pòtoprens

+ L. Kebreau

S. E. Mgr. Louis N. KEBREAU, SDB
Achevèk Emerit Okap Ayisyen

